АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№49 (10095)

РУЗМАН

15 декабрь 2023 сон

2 ДЖУМАДУЛЬ-АХИР 1445 СОН

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

# ВатIаналъул цIар цIунулаго тIерхьарал цIваби Даим цIунила нуж нижер ракIазулъ

**ВатIаналъул БахIарзазул къоялъ, 9-леб декабралъ, рагъул бахIарчи ракIалде щвезавулеб тадбир тIобитIана Могьохъ. БахIарчияв росуцоясул минаялда мемориалияб хъарщи чIвана - гьеб къватIалъе кьуна Украиналъул рагъулал лъугьа-бахъиназул гIахьалчи, Малаев ГIумарил цIар.**

Мемориалияб хъарщи рагьулеб тадбиралде щвана райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев, районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев МухIамаднаби ХIажиев, районалъул маданиялъул, спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул отделалъул нухмалъулев ГI.ГIабдулмухIамадов, Могьохъ росдал бетIер МухIамад ГIумаров, школалъул коллективгун цIалдохъаби, гIагарлъи ва росуцоял.



Росдал бетIерас ва Малаев ГIумарил вацас рагьана бахIарчияв васасул мемориалияб хъарщи.

Тадбиралда кIалъазе церерахъараз лъикIал рагIабаздалъун ракIалде щвезавуна къадруяв росуцояв.

Мемориалияб хъарщи рагьун хадуса киналго гIахьалчагIи щвана КIудияб ВатIанияб рагъда чIваразул памятникалъухье.

Тадбиралъе ахир лъуна гьитIинабго мавлидалдалъун ва гIаммаб дугIаялдалъун.

**Нижер мухбир**






■ БАРКИ

## Россиялъул Конституциялъул къо




ХIурматияб Шамил районалъул жамагIат! Баркула нужеда 12 декабралъ нилъеца кIодо гьабулеб пачалихъияб байрам – Россиялъул Конституциялъул къо!

Улкаялъул Конституция къабул гьабуралдаса исана 30 сон тIубай кIодо гьабулеб буго нилъеца.

Щивав гражданинасул ихтиярал цIуниялъул аслуялда гIуцIараб Россиялъул жакъасеб Конституциялъ, щулияб къучI лъуна нилъер жамгIияталда рекъел, гьезул эркенлъигун ихтиярал цIуниялъе ва разилъи букIиналъе.

Конституциялъ щула гьабула улка, улкаялъул халкъал. Дир божилъи буго нилъерго Конституциялде мугъчIвайги гьабун, кIудияб улкаялъул гьитIинаб бутIалъун кколеб нилъер районцоязги цолъи, вацлъи ва рухIияб цебетIей цIуниялъе хIаракат бахъизе букIиналда.

Киналго районцоязе гьарула щулияб сахлъи, икъбал-талихI, сахсаламалъи, гьезул парахалъиялъе гIоло гьарулел лъикIал ишазулъ бергьенлъаби!

**Районалъул бетIер**
**МухIамад ХIАСАНОВ**

■ СЕССИЯ

# БачIунеб лъагIалий бюджет цебе лъуна

**13 декабралда райадминистрациялда тIобитIана 7-леб созывалъул райсобраниялъул депутатазул иргадулаб 18-леб сессия.**

Сессиялда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов, районалъул прокурорасул заместитель ХIусейн ГIонжолов, районалъул бетIерасул заместителал, цо-цо идарабазул нухмалъулел ва райсобраниялъул депутатал.

Цере лъурал суалалги рехсон сессия рагьана ва нуха бачана райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроевас.

Сессиялъул аслияб суаллъун букIана 2024 соналде ва планалде росарал 2025-2026 саназул бюджет гьоркьоб лъей. Финотделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев ШагIбан МухIамадовас баян кьуна гьеб суалалдасан ва депутатазда цебе лъуна бачIунеб соналде къабул гьабизе бугеб бюджет.

ВатIаналъул рагъулал аскаразда хъулухъ гьабизе ритIулел гIолилазул суал борхана районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев М.ХIажиевас. 2023 соналъ ихдалил ва хаслихълъиялъул призывалъул баян кьуна гьес. Гьединго, М.ХIажиевас бицана хасаб рагъулаб операциялда чIван вачIарав ГI.Малаевасул цIар росдал къватIалъе кьеялъул хIакъалъулъ.

Райсобраниялда гIолилазул парламент рагьиялъул суалалдасан кIалъай гьабуна гIолилазул ишазул администрациялъул бетIерав специалист М.Хатиевас.

Сессиялда рорхарал суалаздасан рекъонккарал хIукмаби гьаруна депутатаз. Хадусеб номералда къватIир кьезе руго гьел.

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ АНТИТЕРРОР

# ВатIан цIунулел бахIарзаллъун рахъина

**11 декабралъ ХIебда школалда тIобитIана БахIарзазул къо кIодо гьабун патриотикиябгун рагъулаб темаялдасан терроралда дандечIеялъул мурадалда тадбир.**






Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель, лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев К.Будуновас, районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев М.ХIажиевас, маданияталъул, спорталъул, гIолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ГI.ГIабдулмухIамадовас, гIолилазул ишазул ва спорталъул специалист М.Хатиевас, женсоветалъул председатель У.ГIалибеговалъ, райгазеталъул редактор П.МухIамадовалъ, Шамил районалда дагIваталъул отделалъул нухмалъулев Къ. ИсмагIиловас, ОМВДялъул балугълъиялде рахинчIезулгун хIалтIи гьабулев И. МухIамадовас ва Юнармиялъул къокъаялъ.

Тадбир гIуцIун букIана ХIебда, МачIада, КъахIиб, Гьоориб, ГIасаб ва Гьолоко школазда гьоркьоб къецаздаса ва рагъулаб хIадурлъиялъул халгьабиялдасан. Щибаб школалдаса щу-щу чи вугеб команда букIана гIахьаллъулеб. Гьезда цере лъун рукIана рагъулаб лъаялъул, ВатIаналъул цIар рагIарал чи лъаялъул ва спортивияб бажариялъул конкурсал.

ХIасилал гьарун I-себ бакI щвана ХIебда школалъе, 2-леб бакI Гьоориб ва 3-леб ГIасаб школалъе. Бергьенлъиялъул бакIал росарал командабазе кьуна лъайкьеялъул отделалъул рахъалдаса грамотаби.

Тадбиралда хIасилал гьаруна суратал рахъиялъул конкурсалъулги. Терроралда дандечIеялъул ва бахIарчилъиялъул темабаздасан бищун лъикIал суратал рахъаразеги кьуна грамотаби. Гьединго, шапакъатаздалъун кIодо гьаруна рагъулабгун патриотикияб «Ополченец» абурал къецазул зоналияб этапалда бергьенлъи босараб команда ва гьезул мугIалим Юсупов Юнус.

Лъайкьеялъул отделалъул ва райадминистрациялъул рахъалдаса школазе баркалаялъул кагътал ва шапакъатал кьуна хаслихъе тIобитIун букIараб ярмаркаялъулъ гьабураб лъикIаб гIахьаллъиялъухъ. Гьез бакIараб гIарац кьун букIана мобилизациялда аразул ва хасаб рагъулаб операциялда чIваразул хъизаназе кумек гьабулеб фондалде.

ВатIан бокьиялде ахIулел ва бахIарчилъиялъул бицунел кIалъаял гьаруна киналго тIаде рачIарал гьалбаз. ЦIалдохъабазулъ патриотизм куцаялъулъ кIудияб бакI ккола гьадинал тадбираз

**ТI.МУХIАМАДОВ**

■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

# РакIалдещвеялъул акция

**8-леб декабралъ, ВатIаналъул БахIарзазул къоялде тIолго росабалъ гIадин, райцентралдаги тIобитIана ракIалдещвеялъулаб акция.**

Акциялъул гIахьалчагIаз КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул ва Афгъанрагъулъ накълулъаразул памятниказда цере тIугьдул лъуна, кучIдул цIалана ва дугIаалхIам гьабуна.

Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителал Карим Будунов ва МухIамаднаби ХIажиев, райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев, районалъул лъайкьеялъул отделалда гIуцIабазул хIалтIухъаби, нухмалъулел, цIалдохъаби-юнармейцал ва цогидал.



«ГIисинаб гIелалда чара гьечIого лъазе ккола нилъер умумузул захIматаб гIумру, кьалул санал, гьеб лъай щивас цебеса цебеги кьезе ккола наслабахъе. КIудияб ВатIанияб рагъда нилъер умумуз ва тIолго советсолдатаз бергьенлъи босиялъ руго нилъ жакъа гьаб гIумруялда»,- ян абуна жиндирго кIалъаялда Карим Будуновас.

Улкаялъул тарих лъазе, лъалезда кIочонгутIизе мурадалда гьабураблъун букIана ВатIаналъул БахIарзазул къоялде буссараб ракIалдещвеялъул акция.

**НИЖЕР МУХБИР**




■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# ХIалтIулаб сапар

**8-леб декабралъ районалъул бетIер МухIамад ХIасанов районалъул имам ГIизудин ГьитIиножоевгун хIалтIулаб сапаралъ щвана ТIидиб росулъе.**



Росдал бегавуласул, школалъул директорасул ва росдал имамасул цадахъаб хIалтIул суалал гьоркьоблъей букIана сапаралъул аслияб мурад.

Росу цебетIеялъе, гьенир шартIал лъикIлъизариялъе ва гIун бачIунеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе квербакъулел суалал рорхана гьеб сапаралда.

МухIамад ХIасановас такрар гьабун кIвар буссинабуна росдал имамзабазул гьел тIадехун рехсарал ишазулъ бугеб кIваралъул.

ХIалтIулаб сапаралда районалъул бетIерас хал гьабуна ТIидиб балеб бугеб спортивияб майданалъухъги. Гьаб сон лъугIиналде ТIидиб рагьизе буго жакъасел тIалабазда рекъон гьабураб, ДРялъул росдал магIишаталъул министерстоялъул программаялда рекъон бараб спортивияб майдан.

Гьединаб спортивияб комплекс нилъер районалда ккола жеги букIинчIеблъун. Гьеб объекталъул проекталъул бюджет буго 12млн алдасаги цIикIкIун гъурущ.

Росабазул ругел гIузрабиги лъазе, шартIалги лъикIлъизаризе гьадинал хIалтIулал сапарал хадурккунги щибаб рузманкъоялъ гьаризе ракIалда бугин баян гьабуна МухIамад ХIасановас.

**П.ЖАМАЛУДИНОВА**

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# Инсул ирс босарав

**Киналго лъималазе гуро эбел-инсул махщел босизе БетӀергьанас рес кьун бугеб. Амма цо-цоял ракӀалъ ахӀун уна инсул махщалида хадур. Гьеб берцин бихьизе ккани, эмен вукӀине ккола гӀемераз къиматги гьабулев, гьунар махщелги бугев, лъималазда гьесул гӀамал-хасиятги лъикӀ бихьулев гӀадав чи. Гьединаб берцинаб тӀабигӀаталъул инсан вуго гӀемерал соназ Шамил райбольницаялдаги хӀалтӀун, хадув тохтур-травматологлъун жакъаги Каспийскиялъул больницаялда хӀалтӀулев вугев Гьооріса КъурахӀов МухӀамад. “Дие гьитӀинго бокьана инсул махщел, дун чӀухӀун вукӀунаан унтаразе кумек гьабулаго гьесие рецц-бакъги гьабун, баркала гьез кьолеб мехалъ. ГьитӀинго ракӀ цӀана дирги тохтурлъун вахъине”-ян бицана жакъа Шамил ЦРБялъул поликлиникаялъул нухмалъулевлъун хӀалтӀулев вугев Рустамица.**

Каспийск шагьаралда 11 класс лъугӀигун батӀияб мурад букӀинчӀо Рустамил тохтурлъун вахъи гуреб. 2006 соналъ лъикӀал хӀасилалгун цӀализе лъугьана Москваялде гӀаммаб хирургиялъул рахъалъ ординатураялде. Гьеб лъугӀигун кӀигогун бащдаб соналъ хӀалтӀана Новгород областалъул Боровичи шагьаралда хирурглъун. 2012 соналъ вачӀана хӀалтӀизе гӀагараб районалде. ХӀалтӀана хирурглъун, ахираб щуго соналъ гьес нухмалъи гьабулеб буго районалъул поликлиникаялъе. ЛъеберазаргогӀан халкъ бугеб районалда медицинаялъул цебетӀей цо къадаралда бараб букӀуна Рустамил хӀалтӀи бажариялда. Гьенир хӀалтӀулел руго 60 гӀан медицинаялъул хӀалтӀухъан, гьездаса 20 тохтур. Нухмалъулесе къимат кьола цадахъ хӀалтӀулезул хӀалтӀул хӀасилазде балагьун. Гьел хӀасилал квешал гьечӀилан абуна Рустамица. Щибаб къоялъ гьанир къабул гьарулел руго 120 гӀанасев унтарав. Гьезул цоял ритӀулел руго сах гьаризе больницабазде, гӀемерисел сах гьарулел руго амбулаторияб къагӀидаялъ. Унти мухӀканго чӀезабизе лъачӀел ритӀулел руго республикаялъул медучреждениязде. Гьединал ахираб заманаялъ лъалаго дагьлъун руго. Гьанже унтаби лъазе руго мухӀканал баянал рихьизарулел лабораторияги, рентгенги, флюорографияги, маммографги,УЗИ аппараталги. Гьаниб буго Рустамица жинцаго хӀалтӀизабулеб компьютерияб томографги. Цересел соназ гьеб гьабизе ине ккола шагьаралде. ГӀей гьабила цохӀо араб соналъ гьеб гьабун буго 3148 чиясе. ЦӀакъго хӀалуцараб хӀал букӀанилан бицана гьес арал соназ Ковидалъул унти багъаридал. БукӀунаанила цо-цо къо 25-30 КТ гьабурабги. Гьеб унтул сезоналъ Рустамие кьун бугоан районалъул бетӀерасул рахъалъ ХӀурматалъул грамотаги.

ЦохӀо унтабазда хурхараб хӀалтӀи гьабун тӀубаларо поликлиникаялъул хӀалтӀи. Гьезул кидагосеб хӀалтӀи буссараб букӀуна профилактикияб мухъалде. Райспециалистал щвезе ккола киналго районалъул росабалъ бихьизабураб графикалда рекъон. Гьенир диспансерияб хал гьаби гуребги, гьез хал гьабула лъималазул (школазда, ясли-ахазда) лъимадулъ ругел руччабазул, рагъул ветераназул, гьанже Украиналда СВОялъул гӀахьалчагӀазул хъизаназул, лъималазул. Тохтурзабиспециалистал росабалъ профилактическиял кӀалъаялгун дандчӀвалел руго гӀадамалгун. Ахирал соназ цӀикӀкӀунел руго бидул тӀадецуй цӀикӀкӀарал, рекӀелгун бидурихьазул, кӀващул мухъалъул унтаби ругел гӀадамал. Гьелдаго цадахъ рентген, флюорография, маммограф, УЗИ аппаратал ва цогидалги, гьел аппаратазда халгьабиялъ лъикӀлъулел руго унтаби хехго тӀати. ЦохӀо араб соналъ рентгеналъул кумек щун буго 10азаргоялдаса цӀикӀкӀун чиясе, флюорография гьабун буго 8700 чиясе, УЗИ гьабун буго 15750 чиясе, гьединго анализал ва цогидалги халгьабиял. Руго цо-цо гӀоларел рахъалги. ГӀурал гьечӀо специалистал-онколог, анестезиолог, инфекционист, фтизиатр ва цогидалги специалистал.

“Земский доктор” программаялда рекъон хӀалтӀизе рачӀаралги руго, жеги рачӀине ресги буго. Дагьалъ цебе ЦРБялъе щун буго эндоскопический аппарат (шланг къулчӀун унти балагьулеб). ЦРБялъул бетӀерав тохтур И.Халиловасги лъикӀаб къимат кьуна Рустамил ва гьес нухмалъулеб поликлиникаялъул хӀалтӀуе. Рустамил буго мисалияб хъизанги. ЧӀужу Асиятги ккола медсестра, гьейги хӀалтӀулей йиго гьанийго. 3 лъимал школалда цӀалулел руго. Живго Рустамица гӀадин гьезги мисал босила инсул унтаразе гӀоло гьабулеб пайдаяб хӀалтӀудаса. ЦРБялъул бетӀерав тохтурасда цадахъ гьелги къеркьолел руго районалда сахлъи цӀуниялъул хӀалтӀи тӀадегӀанаб даражаялда букӀине. Тавпикъги икъбалги кьейги гьезие.



**Сайпула ГЬИТӀИНАМУХӀАМАДОВ**

■ СЕССИЯ

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**СОБРАНИЯ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»**

**Решение**
**13 декабря 2023 г. № 18/2**

Об увековечении памяти бойца погибшего при исполнении воинского долга в ходе специальной военной операции на территории Украины

Рассмотрев ходатайство общественности, главы муниципального образования и сельского Собрания депутатов «село Могох», Собрания депутатов МО «Шамильский район»- решает:

1. Переименовать улицу Могохская на улицу имени Малаева Омара Умалатовича. Впредь данную улицу именовать улицей имени Малаева Омара Умалатовича.

2. Настоящее решение опубликовать в районной газете «Единство» и на официальном сайте администрации МО «Шамильский район»

**Председатель Собрания депутатов**
**МО « Шамильский район» М. Хизроев**

**РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН**
**СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЕ «ШАМИЛЬСКИЙ РАЙОН»**

**Решение**
**от 13 декабря 2023 года №18/3**

Собрание депутатов МО «Шамильский район»-решает:

1. Утвердить состав Молодежного парламента муниципального образования«Шамильский район» (прилагается).

2. Председателю районного Собрания депутатов Хизроеву М.К. совместно с ведущим специалистом молодежи Хатиевым М. определить дату проведения организационной сессии Молодежного парламента и провести необходимую подготовительную работу .

3.Настояшее решение опубликовать в районной газете «Единство» и на официальной сайте администрации МО «Шамильский район».

**Председатель Собрания депутатов**
**МО «Шамильский район» М. Хизроев.**

**Список**
**состав формирования молодежного парламента при Собрании депутатов МО «Шамильский район» (далее – Молодежный парламент) возраст от 18 до 35 лет**

| п/п № | Фамилия, имя, отчество | Наименование МО | Место работы | Номера телефонов | Год рождения (число и месяц) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Ниматулаев Сайгид-Мухамад М-дарипович | «село Андых) | Медреса | 89187388576 | 13.02.1999 |
| 2. | Магомедов Гамзат Гаджиевич | «село Ассаб») | Суд | 89633732202 | 20.11.1997 |
| 3. | Пайзулаев Макашарип Юсупович | «село В/Батлух» | В/Батлух школа | 89633714901 | 07.05.1991 |
| 4. | Алиев Магомед Магомедович | «село Гента» | ОНО | 89285011172 | 26.08.1989 |
| 5. | Магомедов Магомед Бадрудинович | «село Гоготль» | Не работает | 89883095069 | 15.01.1990 |
| 6. | Алиев Алимагомед Гамзатович | с/с Голотлинский | МЧС | 89894835645 | 13.02.1992 |
| 7. | Магомедов Зайнудин Рамазанмагомедович | с/с Горский | Не работает | 89818765555 | 11.05.1993 |
| 8. | Исмаилов Хирамагомед Исмаилович | «село Дагбаш» | Не работает | 89604202066 | 20.11.1992 |
| 9. | Гитихмадибиров Магомед Исагаджиевич | с/с Кахибский» | с/с Кахибский | 89634064343 | 17.02.1990 |
| 10. | Магомедов Магомед Далгатович | с/с Куанибский | Администрация | 89673999645 | 30.11.1993 |
| 11. | Гаджиев Амин Тикилович | «село Мачада» | Не работает | 89674028639 | 26.07.2001 |
| 12. | Гасанов Гасан Омарасхабович | «село Могох» | Ведомственная охрана | 89896555363 | 21.11.1996 |
| 13. | Шапиев М-д Магомедрасулович | с/с Батлухский | Ветстанция | 89898705192 | 30.08.1993 |
| 14. | Курамагомедов Шамиль Курамагомедович | «село Ратлуб» | Бух. в школе | 89884280169 | 20.10.1996 |
| 15. | Абдулкаримов Салим Омарасхабович | с/с Ругельдинский | Ругельда почта | 89640545311 | 01.08.1992 |
| 16. | Магомедов Муртазали Абдулаевич | с/с Телетлинский | Телетль СОШ №2 | 89640006790 | 21.02.1998 |
| 17. | Гасанов Сайпула Ризванович | с/с Тидибский | МФЦ | 89634012225 | 06.09.1991 |
| 18. | Рамазанов Хамид Рамазанович | «село Тлянуб» | Имам села | 89680016668 | 20.04.1993 |
| 19. | Магомедов Магомедзагид Теручаевич | с/с Урадинский | ВУС с/с Урада | 89640050014 | 02.04.1992 |
| 20. | Магомедов Ахмед Закирович | «село Уриб» | Медреса | 89894655565 | 27.03.1992 |
| 21. | Алиомаров Ахмед Магомедович | «село Хотода» | Имам села | 89898893920 | 10.01.1990 |
| 22. | Исаев Иса Магомедович | «село Хучада» | Не работает | 89887963345 | 03.05.2004 |
| 23. | Гамзатов Рамазан Магомедович | «село Хебда» | Администрация | 89640017776 | 14.01.1997 |
| 24. | Абдулаев Шамиль Давудович | «село Цекоб» | Не работает | 89674040517 | 01.09.1993 |
| 25 | Ибрагимгаджиев Гаджимурад Алиасхабович | с/с Тогохский» | Тогох СОШ | 89034230611 | 29.04.1989 |

■ АБАДИЯЛЪЕ ХУТIАРАЛ ЦIАРАЛ



# Хьонохъа ГIали Ибрагьимовасде

*ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ*
*Къелеса васасги борчана рачел,*
*Къалул кор боркьараб Украиналде*
*Эркенлъи босизе бухьана сапар.*

*Гъасда цере чIана дол рагъул сонал*
*Ссудулел дол ругънал жеги регъучIел,*
*Мисалалъе ккуна гьес Советсолдат*
*Сундасаго жиндий ВатIан хирияв.*

*Биччай, ГIали, дурги гIумрудул ахир*
*ГIемеразе дарслъун даим хутIизе,*
*Хвараввлъун хIаларо бахIарчи рагъда,*
*БахIарго хутIила мун наслабазе.*

**С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ ИСЛАМАЛЪУЛ НУХДА

# ДагIваталъул хIаракатчагIазе Муфтиясул шапакъатал

**Дагьал церегIан къояз МахIачхъалаялда тIобитIана Шамил районалдаса ислам цебетIеялъулъ хIаракат бихьизабуразе шапакъатал кьолеб тадбир. Идараялъул хIалтIухъабазе сайигъатал кьуна лъагIалил ахиралда хIалтIул хIасилал гьарулеблъун букIараб тадбиралда.**

ХIалтIулъ тIокIлъи бихьизабун шапакъатазе мустахIикълъана Шамил районалъул гIолилазул куратор МухIамад КIодохIмаев, ХIотода росдал имам АхIмад ГIалигIумаров, «Инсан» фондалъул районалда нухмалъулев Шамил ЗайнулгIабидов ва ГIасаб ГIабдурахIманхIажиясул цIарада бугеб исламияб институталъул ректор МухIамаднур Къурбанов.

Районалда тIоритIулел тадбираздаги, дагIваталъул ракъалъги жигарчилъи бихьизабурал хIалтIухъабазе ракIалдещвеялъе сайигъатал кьуна ДРялъул Муфтий АхIмад-афандияс.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**



**ДРялъул Муфтий АхIмад-афанди ва «Инсан» фондалъул районалда нухмалъулев Шамил ЗайнулгIабидов**

■ ИЗВЕЩЕНИЕ

**Об утверждении результатов определения кадастровой стоимости зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан**

1. В соответствии с Федеральным законом от 3 июля 2016 г. № 237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке», постановлением Правительства Республики Дагестан от 17 мая 2018 года № 48 «Вопросы Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан» и приказом Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан от 17 ноября 2023 г. №414 утверждены результаты определения кадастровой стоимости зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан.

Указанный приказ размещен на официальном сайте Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан

http://estate-rd.ru в разделе «Деятельность»/ «Государственная кадастровая оценка» и официальном интернет-портале правовой информации http://www.pravo.e-dag.ru (№05032012378 от 20 ноября 2023 г.).

Рассмотрение заявлений об исправлении ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости (далее - обращения) осуществляет

ГБУ РД «Дагтехкадастр» в порядке, регламентируемом статьей 21 Федерального закона от 3 июля 2016 г. №237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке».

Заявления об исправлении ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости, подается в ГБУ РД «Дагтехкадастр» по адресу: 367000,

г. Махачкала, ул. И. Казака 2Е или многофункциональный центр лично, регистрируемым почтовым отправлением с уведомлением о вручении или с использованием информационно-телекоммуникационных сетей общего пользования, в том числе сети «Интернет» (e-mail:dtk@dagbti.com), включая портал государственных и муниципальных услуг.

**Порядок подачи заявлений**

| | | |
|---|---|---|
| 1. Скачайте форму заявления об исправлении ошибки (на официальном сайте ГБУ РД «Дагтехкадастр» https://дагбти.рф в разделе «Кадастровая оценка») | 2. Заполните заявление | 3. Направьте замечание любым удобным для Вас способом |

**Необходимые документы**

Заявление об исправлении ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости, должно содержать:

1) фамилию, имя и отчество (последнее - при наличии) физического лица, полное наименование юридического лица, номер телефона для связи с заявителем, почтовый адрес и адрес электронной почты (при наличии) лица, подавшего заявление об исправлении ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости;

2) кадастровый номер объекта недвижимости (объектов недвижимости), в отношении которого подается заявление об исправлении ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости;

3) указание на содержание ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости, с указанием (при необходимости) номеров страниц (разделов) отчета, на которых находятся такие ошибки, а также обоснование отнесения соответствующих сведений, указанных в отчете, к ошибочным сведениям.

К заявлению об исправлении ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости, по желанию заявителя могут быть приложены документы, подтверждающие наличие указанных ошибок. Истребование иных документов, не предусмотренных настоящей статьей, не допускается.

К заявлению об исправлении ошибок, допущенных при определении кадастровой стоимости, могут быть приложены иные документы, содержащие сведения о характеристиках объекта недвижимости.

**Главный специалист экономического отдела администрации МО «Шамильский район» М.Омарасхабов**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ

Утерянный аттестат под номером № 015130, выданный Гитиновой Патине Магомедовне 1970г.р., окончившей МКОУ «Батлухская СОШ» в 1988 году, считать недействительным.


**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

**МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

**ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ**
МухIамад ХIамзатов

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

**НАБОР**
М. ГьитIиномухIамадовальул

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIарazда гьорк.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50